


BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

Métode jeung téhnik nu dipaké dina ieu panalungtikan téh, nyaéta métode déskriptif analisis, kalayan pamarekan kualitatif. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 3) métode déskriptif nyaéta métode panalungtikan pikeun nalungtik kaayaan, kondisi, atawa hal-hal séjén anu geus disebutkeun, anu hasilna ditulis dina wangun laporan panalungtikan, sedengkeun métode mangrupa cara utama anu dipaké pikeun ngumpulkeun data panalungtikan kalawan ngagunakeun téhnik-téhnik nu tangtu (Arikunto, 2013, kc. 203). Ku kituna, dina ieu panalungtikan bakal dianalisis jeung didéskripsikeun ngeunaan struktur carita (téma, galur, tokoh jeung penokohan, latar) novel *Sanggeus Halimun Peuray* jeung pilem *Halimun*, bébédaan jeung sasaruatan struktur carita novel *Sanggeus Halimun Peuray* jeung pilem *Halimun*, sarta ékranisasi novel *Sanggeus Halimun Peuray* kana pilem *Halimun*.

3.1 Désain Panalungtikan

Désain panalungtikan nyaéta bagan nu ngagambarkeun sakabéh léngkah-léngkah jeung prosés nu diperlukan dina rarancang panalungtikan jeung pelaksanaan panalungtikan, nu tujuanna pikeun nyangking hiji logika. Désain panalungtikan nu dilaksanakeun miboga sababarha tahapan, saperti kieu.



Bagan 3. 1 Desain Panalungtikan

3.2 Téhnik Panalungtikan

Pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan, aya dua hal anu kudu digunakeun, nyaéta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik mimiti nu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tahap ngumpulkeun data. Téhnik ngumpulkeun data nu digunakeun dina ieu panalungtikan, nyaéta téhnik studi dokuméntasi jeung talaah pustaka. Nurutkeun Sugiyono (2018, kc. 240) dokumén nyaéta catetan peristiwa nu geus kaliwat. Dokumén bisa dina wangun tulisan, gambar, atawa karya-karya monuméntal hiji jalma. Dokumén dina wangun tulisan misalna catétan poéan, sajarah kahirupan, ceritera, biografi, jeung kawijakan. Dokumén dina wangun gambar, misalna foto, gambar hirup, skétsa, jsb. Anapon dokumén dina wangun karya seni saperti gambar, pilem, patung, jsb. Téhnik talaah pustaka mangrupa kagiatan nalaah, niténan, sarta ngaidéntifikasi bahan bacaan anu aya patalina jeung panalungtikan. Data dina ieu panalungtikan nyaéta novel *Sanggeus Halimun Peuray* karya Aam Amilia jeung pilem *Halimun* Karya Sofia W.D.

Dumasar kana téhnik di luhur, data dikumpulkeun ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap.

- 1) Nangtukeun sumber data.
- 2) Maca sagemblengna novel *Sanggeus Halimun Peuray* karya Aam Amilia salaku sumber data, nepi ka maham ngeunaan téma, galur, tokoh, jeung latar nu digambarkeun dina novel.
- 3) Nafsirkeun data jeung nyieun déskripsi tina data nu geus dicangking, nepi ka meunangkeun pamahaman ngeunaan téma, galur, tokoh, jeung latar nu digambarkeun dina novel.
- 4) Nongton jeung niténan pilem *Halimun* Karya Sofia W.D salaku sumber data nepi ka maham ngeunaan téma, galur, tokoh, jeung latar nu digambarkeun dina pilem.

- 5) Nafsirkeun data jeung nyieun déskripsi tina data nu geus dicangking, nepi ka meunangkeun pamahaman ngeunaan téma, galur, tokoh, jeung latar nu digambarkeun dina pilem.
- 6) Nyatet data-data tina sumber data luyu jeung pasualan nu rék dikaji nyaéta analisis struktur carita (téma, galur, tokoh, latar) jeung prosés ékranisasina.

3.2.2 Téhnik Ngolah Data

Objék anu ditalungtik nyaéta novel *Sanggeus Halimun Peuray* karya Aam Amilia jeung pilem *Halimun* karya Sofia W.D. Sabada data dikumpulkeun, satuluyna data dianalisis ngagunakeun konsép: 1) analisis struktural Robert Stanton anu ngaguar téma jeung fakta caritana (galur, tokoh, latar), 2) sasaruuan jeung bébédaan struktur carita dina novel jeung pilem, jeung 3) analisis prosés ékranisasi anu ngaidéntifikasi aspék ngaheureutan, nambahan, jeung robahna variasi.

Dina ieu téhnik analisis, dilakukeun sababaraha léngkah-léngkah saperti ieu dihandap.

- 1) Maca jeung paham kana novel *Sanggeus Halimun Peuray* karya Aam Amilia, nepi ka paham ngeunaan téma, galur, tokoh, jeung latar nu digambarkeun dina novel.
- 2) Maca data jeung nyieun papasingan pikeun data nu dianalisis.
- 3) Nongton jeung niténan pilem *Halimun* karya Sofia W.D, nepi ka paham ngeunaan galur, tokoh, jeung latar nu digambarkeun dina novel.
- 4) Maca data jeung nyieun papasingan pikeun data nu dianalisis.
- 5) Ngabandingkeun téma, galur, tokoh, jeung latar dina novel *Sanggeus Halimun Peuray* karya Aam Amilia jeung pilem *Halimun* karya Sofia W.D.
- 6) Nganalisis tur ngadéskripsikeun struktur carita (téma, galur, tokoh jeung penokohan, latar) novel *Sanggeus Halimun Peuray* karya Aam Amilia jeung pilem *Halimun* karya Sofia W.D, nganalisis kumaha sasaruuan jeung bébédaan struktur carita novel *Sanggeus Halimun Peuray* karya Aam Amilia jeung pilem *Halimun* karya Sofia W.D, sarta nganalisis kumaha prosés ékranisasina (ngaheureutan, nambahan, jeung robahna variasi).
- 7) Nyusun laporan panalungtikan, nu disusun dina wangun skripsi.

Widya Mega Novani, 2020

ÉKRANISASI NOVEL SANGGEUS HALIMUN PEURAY KARYA AAM AMILIA KANA PILEM HALIMUN KARYA SOFIA W.D

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.3 Instrumén Panalungtikan

Arikunto (2014, kc. 265) nételakeun yén instrumén pengumpulan data nyaéta alat bantu nu dipilih jeung digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data, anu tujuanna sangkan panalungtikan nu dilaksanakeun jadi sistematis.

3.3.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

Tabél 3. 1
Instrumén Céklis Dokuméntasi Pustaka

No.	Téma Buku	Judul Buku	Digunakeun	Teu Digunakeun
1.	Ékranisasi			
2.	Novel			
3.	Pilem			

Tabél 3. 2
Struktur Fakta Carita (Galur)

No.	Judul Novel	Pengaluran	Kode Data (N/É/KU)
(1)	(2)	(3)	(4)

Keterangan:

- 1) N : Judul Novel
- 2) É : Épisode/Bagian/Bab
- 3) KU : Kode Urut Data

Tabél 3. 3
Struktur Fakta Carita (Cutatan Tokoh)

No.	Judul Novel	Tokoh	Kode Data (É/KU/KC)	Cutatan
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)

Keterangan:

- 1) É : Épisode/Bagian/Bab
- 2) KU : Kode Urutan Data
- 3) KC : Kaca

Tabél 3. 4
Struktur Fakta Carita (Cutatan Latar)

No.	Judul Novel	Latar	Kode Data (L/É/KU)	Cutatan
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)

Keterangan:

- 1) LT/LW/LS : Latar Tempat/Latar Waktu/Latar Suasana
- 2) É : Épisode/Bagian/Bab
- 3) KU : Kode Urutan Data

Tabél 3. 5
Tabél Prosés Ékranisasi Galur dina Katégorisasi Ngaheureutan

No.	Déskripsi Bagian dina Novel nu Teu Ditampilkeun dina Pilem	Data
(1)	(2)	(3)

Tabél 3. 6
Tabél Prosés Ékranisasi Galur dina Katégorisasi Nambahan

No.	Déskripsi Adegan Nambahan dina Pilem	Data
(1)	(2)	(3)

Tabél 3. 7
Tabél Prosés Ékranisasi Galur dina Katégorisasi Robah Variasi

Data	Novel	Pilem
	Déskripsi Bagian dina Novel	Déskripsi Bagian dina Pilem

(1)	(2)	(3)

Tabél 3. 8
Tabél Prosés Ékranisasi Tokoh Katégorisasi Aspék Ngaheureutan

Data	Tokoh dina Novel nu Teu muncul dina Pilem	Déskripsi
(1)	(2)	(3)

Tabél 3. 9
Tabél Prosés Ékranisasi Tokoh Katégorisasi Aspék Nambahan

Data	Panambahan Tokoh dina Pilem	Déskripsi
(1)	(2)	(3)

Tabél 3. 10
Tabél Prosés Ékranisasi Tokoh Katégorisasi Aspék Robah Variasi

Data	Tokoh	Aspék Parobahan	Novel	Pilem
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)

Tabél 3. 11
Tabél Prosés Ékranisasi Latar dina Katégorisasi Aspék Ngaheureutan

Data	Latar dina Novel nu Teu muncul dina Pilem	Déskripsi
(1)	(2)	(3)

Tabél 3. 12
Tabél Prosés Ékranisasi Latar Katégorisasi Aspék Nambahan

Data	Panambahan Latar dina Pilem	Déskripsi
(1)	(2)	(3)

Tabél 3. 13
 Tabél Prosés Ékranisasi Latar dina Katégorisasi Aspék Robah Variasi

Data	Latar	Aspék Parobahan	Novel	Pilem
			Déskripsi Penggambaran Latar	Déskripsi Penggambaran Latar
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)


3.3.1 Instrumén Ngolah Data

1) Kartu Analisis Struktur Novel (Galur, Tokoh, Latar)

Kartu Data Analisis Struktur (Galur, Tokoh, Latar)	
Kode Data	:
Cutatan	:
Analisis	:

Gambar 3. 1
 Kartu Data Analisis Struktur Novel

2) Kartu Analisis Struktur Pilem (Galur, Tokoh, Latar)

Kartu Data Analisis Struktur Pilem (Galur, Tokoh, Latar)	
	
Kode Data	:
Gambar	:
Analisis	:

Gambar 3. 2
Kartu Data Analisis Struktur Pilem

3) Kartu Analisis Prosés Ékranisasi

Kartu Data Analisis Prosés Ékranisasi (Nambahan, Ngaheureutan, Robah Variasi)	
Kode Data	:
Cutatan	:
Analisis	:

Gambar 3. 3
Kartu Data Analisis Struktur Pilem

3.4 Data jeung Sumber Data

3.4.1 Data


Data dina ieu panalungtikan nyaéta sakabéh carita anu aya dina novel *Sanggeus Halimun Peuray* jeung carita dina pilem *Halimun*, utamana nu aya patalina jeung struktur (galur, tokoh jeung penokohan, latar), bébédaan jeung sasaran novel jeung pilem, sarta data pikeun mikanyaho prosés ékranisasi. Data séjén nu ngarojong ieu panalungtikan, nyaéta buku sumber jeung panalungtikan-panalungtikan samémehna, nu aya patalina jeung struktur sarta ékranisasi.

3.4.2 Sumber Data

Arikunto (2014 kc. 172) nétélakeun yén anu dimaksud sumber data dina panalungtikan nyaéta subjek timana asalna dicangkingna data. Anu jadi sumber dina ieu panalungtikan nyaéta novel anu judulna *Sanggeus Halimun Peuray* karya Aam Amilia anu kandalna 174 kaca. Novel *Sanggeus Halimun Peuray* medal taun 1992 nu dipedalkeun ku penerbit Rahmat Cijulang. Lian ti éta, anu jadi sumber dina ieu panalungtikan nyaéta pilem *Halimun* taun 1982 anu disutradaraan ku Sofia W.D. Ieu

pilem diproduksi ku PT Elynda Remaja Film, sarta dibiayaan ku Dewan Film Nasional.

3.2.2.1 Idéntitas Novel



Gambar 3. 4
Novel *Sanggeus Halimun Peuray*

Katerangan Novel

Judul Novel	: <i>Sanggeus Halimun Peuray</i>
Pangarang	: Aam Amilia
Taun Terbit	: 1992
Jumlah Kaca	: 172 kaca
Warna Buku	: Konéng

